

5.5

5.5

**REGLEMAN SOU PREZANS AK ABSANS LEKÒL**  
(Attendance Policy)

**PREZANS AK ABSANS LEKÒL**

TOUT ELÈV KI GEN LAJ OBLIGATWA POU ALE LEKÒL DWE ALE LEKÒL TOULEJOU PANDAN 180 JOU ANNE ESKOLÈ-A OSWA EKIVALAN-LI KALKILE SOU INÈDTAN KONFÒMEMAN AK DEMANN *STATE BOARD OF EDUCATION*. MANMAN/PAPA ELÈV KI GEN LAJ OBLIGATWA POU ALE LEKÒL RESPONSAB FÈ PITIT-YO ALE LEKÒL TOULEJOU. PASKE TI PÈFÒMANS NAN ETID ASOSYE AVÈK ABSANS LEKÒL, LEKÒL-YO VA AJI ATAN POU ANPECHE DEVLOPMAN ABITID PA VIN LEKÒL, KI KAPAB ENDIKE BONNÈ TANDANS ELÈV-LA POU LI VIN YON ABSAN ABITYÈL. LEKÒL-YO VA KOLABORE AVÈK AJANS LETA EPI AK AJANS LOKAL KI OKIPE KEKSYON PREVANSYON TWÒP ABSANS LEKÒL, ENTÈVANSYON AK AKSYON LAJISTIS.

NA JWENN RANSÈYMAN ADISYONNÈL ANRAPÒ AK PREZANS EPI ABSANS LEKÒL NAN EDISYON AKTYÈL LIV REGLEMAN SOU KONDWIT ELÈV KI APWOUVE KÒM REGLEMAN *SCHOOL BOARD POLICY*.

AUTHORITY: F.S. 1002.20(2), 1003.01(5), 1003.02(1)(g), 1003.21, 1003.23, 1003.24, 1003.26, 1003.27, 1003.28, 1003.29.

Board Apwouve: 9/21/99

Amanman 11/14/00

Revize 4/18/06, 7/24/07, 8/05/08, 4/21/09, 5/18/10

**REGLEMAN:**

**DEFINISYON**

**I. PREZANS LEKÒL OBLIGATWA**

- A. Tout elèv ki gen sizan oswa kap gen sizan rive premye fevriye nan nenpòt ane eskolè, oswa ki gen plis pase sizan men ki poko rive laj 16zan oswa ki rive laj ki espesifye nan lwa Leta-a, selon laj ki pi gran ki vin anvan, sòf sou kondisyon ki vin apre-a, oblije ale lekòl regilyèman pandan tout 180 jou ane eskolè-a oswa ekivalan-li kalkile sou inèdtan konfòmman ak dire ane eskolè *Board of Education* fikse.  
(F.S.1003.21) (1) (a)
- B. Yon elèv ki rive laj sèzan (16) pandan ane eskolè-a pa oblije kontinye ale lekòl si li depase sèzan epi si li ranpli yon deklarasyon fòmèl pou di li gen entansyon tèminen anwolman-li ak *School Board*. Nan deklarasyon-sa-a elèv-la dwe rekonnèt desizyon pou li kite lekòl sa kapab diminye chans li pou li fè plis lajan pi devan epi timoun-nan ak fanmi-li dwe siyen deklarasyon-an. Yon elèv ki gen dizwitan (18) pandan ane eskolè-a pap sibi sanksyon legal pou prezans obligatwa lekòl. (F.S.1003.21) (2) (c)
  - 1. Manm pèsonnèl lekòl-la dwe fè yon entèvyou ak elèv-la pou detèminen rezon ki pouse elèv-la pran desizyon pou tèminen anwolman-li nan lekòl-la epi ak aksyon pou yo pran pou ede elèv-la rete lekòl. (F.S. 1003.21(2))

(c)).

C. Elèv ki poko gen sèzan (16) pa kapab kite lekòl kèlkeswa rezon-an sòf si nan yon aksyon *Board*-la ekspilse elèv-la oswa lwa Leta Florid prevwa ka kote yo kapab egzante elèv-la. (F.S.1002.20 (2)(b)).

D. Kondisyon pou lekòl obligatwa kapab satisfè lè elèv-la swiv yon pwogram ansèyman lakay (*home education program*) (F.S.1002.01 (2) (b) 20 (2)(b)).

1. Yon "pwogram ansèyman lakay" vle di sekans enstriksyon pwogresif yon elèv resevwa epi fanmi-li sipèvize pou satisfè kondisyon prezans obligatwa lekòl selon lalwa S.S. 1002.41, 1003.01(4) ak 1003.21 (1) - (F.S. 1002.01(1))

E. Pou elèv ki anwole nan Pwogram Depatman jistis jivenil (*Department of Juvenile Justice Programs*), kondisyon ki satisfè obligasyon ale lekòl nou jwenn ni nan lwa Leta ak reglemantasyon epi ki enkli tou yon ane eskolè pi long (F.S. 1003.52).

## II. PRAN ABITID PA VIN LEKÒL

Yon elèv ki pa prezan pandan aktivite enstriksyon yo kapab pwouve sa lè elèv-la anreta, lè siyen pou soti lekòl anvan lè nòminal ranvwa ak lè li absan pandan yon jounen oswa yon pati nan yon jounen. Kantite jou maksimòm yon elèv kapab absan san prezante dokimantasyon ki jistifye absans li se 5 jou.

A. Si nan yon mwa, yon elèv ki gen omwens senk absans ki pa eskize, oswa yo pa konnen rezon absans-yo epi si nan yon tan 90 jou yon elèv gen 10 absans ki pa eskize oswa yo pa konnen rezon absans-yo, elèv-sa-a ap petèt devlope abitid pa vin lekòl. (F.S. 1003.26 (1) (b)).

B. Sòf si yo prezante/soumèt dokimantasyon aseptab, absans ki akimile kit li eskize kit li pa eskize, absans akimile nan reta oswa siyen pou soti lekòl anvan lè nòminal ranvwa tout absans-sa-yo rive totalize 5 jou (30 è) nan yon tan nèf semenn klas (*marking period*) oswa 10 jou (60 è) nan de tan nèf semenn klas kapab pwouve elèv-la ap devlope abitid pa vin lekòl.

C. Si elèv-la montre lap pran abitid pa vin lekòl, direktè lekòl-yo kapab mande pou tout absans ki vin apre-yo, papyè ki esplike rezon absans-yo. (FS. 1003.24(4)). Yon elèv ki pa prezan pandan aktivite enstriksyon, yo kapab pwouve sa lè elèv-la rive anreta, siyen pou soti lekòl anvan lè nòminal ranvwa, oswa absan pandan tout yon jounen oswa yon pati nan jounen-an.

D. Yon elèv ki gen twòp absans lekòl san pèmisyon -absan abityèl- "*Habitual truant*" vle di yon elèv ki gen 15 absans ki pa eskize nan yon tan ki dire 90 jou fanmi-li okouran oswa pa okouran oswa fanmi-li kapab bay konsantman-li ki jistifye, elèv-sa-a gen laj obligatwa pou ale lekòl dapre lwa s. 1003.21 (1) ak (2) (a), epi li pa egzante dapre lwa s.1003.21(3) oswa s. 1003.24, oswa li satisfè kritè pou nenpòt ka dispans lalwa oswa regleman *State Board of Education* espesifye. (F.S. 1003.01 (8)).

### III. ABSANS

#### A. ABSANS ESKIZE – ABSANS POU YON REZON VALAB

Tout elèv dwe prezan lekòl sòf si absans-lan otorize oswa absans-lan eskize pou youn nan rezon ki nan lis anba-a. (F.S. 1003.24(4), 1003.26)

1. Maladi elèv-la.
2. Maladi yon manm pwòch nan fanmi elèv-la.
3. Lanmò nan fanmi elèv-la.
4. Jou konje pou fèt espesyal nan relijyon elèv-la.
5. Yon manda pou konparèt devan yon tribinal oswa sitasyon devan yon ajans ki fè respekte lalwa.
6. Evènman espesyal. Men kèk egzanp okazyon espesyal: seremoni piblik enpòtan, konferans, konpetisyon nan Leta-a/konpetisyon nasyonnal, ka espesyal ki reprezante yon ijans pou fanmi-an. Elèv-la dwe gen pèmisyon direktè-a oswa reprezantan-ni omwens senk jou alavans.
7. Randevou kay doktè oswa dantis.
8. Elèv ki genyen osnon yo sispèk gen yon maladi atrapan oswa parazit pa gen dwa vin lekòl toutotan yo pa trete oswa yo pa reprezante yon danje pou lezòt ankò. (F.S. 1003.22). Men kèk egzanp maladi kontajye ak maladi atrapan men se pa yo sèlman, tik, pou nan tèt, pyas, bouton ki fè pi ak demanjezon/gratèl, enpetigo. Yo pèmèt elè-yo gen yon maksimòm senk jou absans eskize chak fwa yo atrape maladi kontajye pou nan tèt oswa karang. Elèv ki ale nan sòti lekòl òganize (*field trips*) epi elèv ki ale nan pwogram ki ranplase sispansyon, yo pap konsidere elèv-sa-yo absan.

#### B. ABSANS KI PA ESKIZE/SAN REZON

Absans yo pa eskize, jan sa defini nan seksyon anvan-an, ap konsidere kòm absans ki pa eskize.

1. Elèv ki pa prezante yon sètifika vaksen (*Certificate of Immunization*) konplèt ki montre li pran tout vaksen nan dat li te dwe pran-yo pap otorize ale nan klas toutotan li pa pote dokiman-sa-a oswa pwouve li gen yon dispans. Pran vaksen obligatwa si elèv-la pa konfòme l yap konsidere absans-li-yo nan ka-sa-a kòm absans ki pa eskize. (F.S. 1003.22(1))
2. Pou elèv kap transfere nan *Broward County*, enkli men pa limite ak ka elèv Leta plase kay fanmi (*foster care students*), oswa ka elèv san kay, yo dwe ba-yo pwovizwaman pou 30 jou yon papyè ki egzante yo prezante dokiman konsiltasyon ak sètifika vaksen. (F.S. 1003.22(1) (5) (e))
3. Yo kapab bay elèv ki ale nan sispansyon andeyò lekòl opòtinite pou patisipe nan yon pwogram ki ranplase sispansyon. Si elèv-la pa ale nan pwogram-lan jou li ta dwe ale, yo va konsidere absans-yo kòm sispansyon.

**C. DEVWA RATRAPAJ** (Sa pa aplike pou devwa espesifik yo bay sèten elèv ki resevwa yon sispansyon dapre FS 1003.01.)

**1. Absans ki eskize:**

Pou tout absans ki eskize, yo va pèmèt elèv-yo fè devwa yo manke pou yo ka jwenn kredi ak nòt.

**2. Sispansyon:**

Fè devwa ratrapaj pou jwenn kredi ak nòt otorize. Se responsablite elèv-la pou li mande fè devwa li manke. Li dwe remèt devwa-a menm jou li tounen lekòl-la apre sispansyon-an. Yo PAP pèmèt elèv-la patisipe nan okenn aktivite lekòl-la pandan tan sispansyon-an.

**3. Elèv midèleskoul:**

Pou CHAK absans, yo pèmèt elèv-yo fè devwa ratrapaj pou jwenn kredi ak nòt pou satisfè kondisyon nesèsè pou pwomosyon nan ayeskoul ak konsekans sa kapab genyen sou chak klas.

**D. RETA**

Yo konsidere yon elèv anreta lè li pa nan saldeklas-la alè egzak klas-la dwe kòmanse.

1. Fanmi dwe swiv menm pwosesis yo swiv pou eskize yon absans lè yo vle eskize yon reta.
2. Pou elèv ki gen twòp reta, yo va konsidere chak ka pou detèminen si gen abitud vin anreta. Yon elèv pa prezan pou aktivite enstriksyon lè yo ka pwouve elèv-la vin anreta, li siyen pou soti lekòl anvan lè nòm al ranvwa, oswa lè li absan pandan yon jounen oswa yon pati yon jounen.
3. Reta san papyè pou esplike rezon reta-a ap pase pou reta ki pa eskize kèlkeswa klas-la.
4. Abitud reta defini kòm reta ki rive 5 fwa nan yon tan regilye nèt semenn klas.
5. Direktè lekòl-yo kapab eskize reta nan sikonstans espesyal selon jijman-yo.
6. Sòf si yo eskize dapre dispozisyon regleman-sa-a, yo va anrejistre reta ki akimile kòm absans ki pa eskize. (F.S. 1003.02 (1) (b))

**E. RÈG POU ELÈV KAP SOTI LEKÒL ANVAN LÈ NÒMAL RANVWA**

1. Okenn elèv pa gen dwa soti lekòl-la pandan dènye 30 minit ki rete pou jounen lekòl-la fini sòf si direktè-a oswa reprezantan-ni jije ka-a ijan.
2. Tout lekòl va etabli pwosedi nan ka lekòl lage bonnè epi ki garanti tout elèv ap trete menm jan.

3. Pou elèv ki siyen twòp pou soti lekòl anvan lè nòmral ranvwa, yo va konsidere chak ka pou detèminen si elèv-la ap devlope tandans pa prezan lekòl. Yon elèv ki pa prezan pandan aktivite enstriksyon, yo kapab pwouve sa lè elèv-la anreta, siyen pou soti lekòl anvan lè nòmral ranvwa, oswa lè li absan pandan yon jounen oswa yon pati nan jounen-an.
4. Sòf si siyen pou soti lekòl anvan lè nòmral ranvwa eskize dapre dispozisyon regleman-sa-a, siyen pou soti lekòl anvan lè nòmral ranvwa lè li akimile dwe anrejistre kòm absans ki pa eskize. (F.S. 1003.02 (1) (b))

## DWA AK RESPONSABLITE ELÈV

### 1. REGLEMAN

- a. Elèv-yo dapre laj-yo, responsab pou mande fanmi-yo notifiye lekòl-la lè yo absan.
- b. Elèv-yo dapre laj-yo responsab pou mande pwofesè-yo pou yo fè devwa yo manke epi yo dwe fè devwa-yo epi retounen-yo. Elèv-la gen de jou klas (men jou li tounen lekòl pa konte) pou fè devwa pou klas li manke pou chak jou li gen yon absans ki eskize. Elèv ki ale nan midèseskoul kapab fè devwa ratrapaj-yo pou nenpòt absans jan sa endike nan *Section C.3* regleman-sa-a.
- c. Yon elèv ki ale nan sispanasyon andedan lekòl dwe kontinye vin lekòl. Li dwe toujou ajou kanmenm ak travay klas-li epi remèt devwa-li toulejou.
- d. Elèv ki marye, kit se manman kit se papa oswa ki gen lespwa vin paran gen dwa rete nan pwogram regilye lekòl-yo oswa ale nan yon sant espesyal ki gen pwogram ki prepare pou satisfè bezwen-yo.

Nòt: Pou plis enfòmasyon sou dwa ak responsablite elèv, gade nan liv Regleman sou Kondwit Elèv epi nan seksyon regleman-sa-a Privilej lisans chofè ak absans lekòl.

## DWA AK RESPONSABLITE FANMI

1. Yo dwe enfòmè fanmi sou responsablite-li konsènan prezans ak absans pitit-li lekòl epi enfòmè fanmi ak elèv-la sou konsekans ki ka rive nan ka twòp absans san pèmisyon (*truancy*) jan sa dekri nan Liv Regleman sou Kondwit Elèv.
2. Manman/Papa yon timoun ki gen laj obligatwa pou ale lekòl responsab pou pitit-li ale lekòl toulejou jan lalwa ekzije-li. (F.S. 1003.24)
3. Manman/Papa dwe rapòte absans pitit-li konfòmman ak pwosedi ki nan liv Regleman sou Kondwit Elèv (*Code of Student Conduct*). Si lekòl-la mande, fanmi-an dwe bay papyè ki jistifiye maladi elèv-la yon doktè oswa yon klinik sante piblik ba-li.

4. Fanmi andwa mande yon chitatannde (*hearing*) si li refize patisipe nan entèvansyon ekip kap etidye timoun (*child study team*) devlope paske li kwè entèvansyon-yo pa nesèsè epi pa apwopriye.  
(F.S.1003.26 (1) (b) (e))
5. Fanmi yon elèv ki prevwa elèv-la kapab manke omwens 15 jou lekòl swivi swa pou maladi, swa pou pwoblèm sante, rezon sosyal/emosyonèl oswa elèv-la ka manke plizyè jou lekòl pandan tout ane-a nan diferan entèval pou youn nan menm rezon-yo, elèv-sa-a ka kontinye resevwa enstriksyon lakay-li. Fanmi-an kapab notifiye lekòl-la epi mande yon kopi aplikasyon ak fòmilè pou ansèyman nan lopital/lakay (*Hospital/Homebound referral packet*).
6. Manman/Papa andwa konnen si pitit-li pa ale lekòl; lekòl-la dwe avèti-yo lè pitit-li pa ale lekòl menmsi fanmi-an pa te rapòte absans-lan. 1003.26(1)).
7. Se responsablite fanmi pou fè responsab enskripsyon nan lekòl-la (*registrar*) konnen lè enfòmasyon tankou jan pou yo kontakte li ak nimewo telefòn-li chanje. Si fanmi pa respekte regleman-sa-a, lekòl-la ap blije kontakte otorite konpetan.
8. Lwa Florid sipòte patisipasyon aktif fanmi\* annatandan elèv-la diplome lekòl (F.S. 743.07, 1003.26; 1003.21). Yo va notifiye fanmi lè elèv-la vin majè (18 ane), fanmi dwe kontinye egzèsè responsablite vizavi elèv-sa-a konsidere kòm depandan-li. Annatandan elèv-la diplome, fanmi dwe asime responsablite-sa-yo, -men se pa yo sèlman-, rele oswa ekri pou eskize absans ak reta, ekri nòt pèmision pou mande elèv-la soti lekòl pi bonnè, bay otorizasyon pou elèv-la ale nan sòti òganize (*field trips*), ak lòt aktivite, si nesèsè, enskri elèv-la lekòl oswa tèminen anwolman-li (retire-li), sòf nan sikonstans-sa-yo:
  - (1) Elèv-la vin emansipe konfòmman avèk lwa Leta Florid (FS 1003.21(1)(c)).
  - (2) Elèv-la pa gen fanmi epi administrasyon lekòl-la dwe verifye reyalyte-sa-a, (ekzanp nan kominikasyon avèk lòt paran, avèk pwogram edikasyon pou elèv san kay - *Homeless Education Program* - oswa avèk Depatman Timoun ak fanmi nan Florid -*Florida Department of Children and Families*-).

Definisyon mo fanmi/paran enkli manman, papa biyolojik, responsab legal, nenpòt moun ki gen relasyon fanmi ak yon elèv oswa "nenpòt moun ki gen otorite pou sipèvize elèv-la nan plas fanmi-li." 1000.21(5).F.S.

## RESPONSABLITE LEKÒL AK DISTRIK-LA

### 1. KENBE DOSYE EPI METE SOU PYE ENTÈVANSYON

- a. Direktè (*principal*) chak lekòl dwe pran dispozisyon nesèsè pou asire tout rapò sou prezans ak absans lekòl egzakt epi prepare atan. Diplis, direktè-a dwe ofri manm pèsònèl nan lekòl-la opòtinite patisipe nan trening ki va ede-yo prepare avèk egzaktid rapò prezans ak absans lekòl. F.S.1003.23 (1)). Yo ekzije tou pou tout direktè lekòl-yo kenbe pou chak elèv ki anwole nan lekòl-la yon dosye ki montre prezans oswa absans elèv-la chak jou lekòl pandan ane eskolè-a. (F.S.1003.23 (2)).
- b. Lekòl-la va kontakte atan fanmi elèv-la chak fwa gen yon absans ki pa eskize. (F.S.1003.26 (1) (a))

- c. Si yon elèv akimile senk jou absans (30 è) nan yon tan regilye nèf semenn klas oswa 10 jou (60 è) nan de tan nèf semenn klas, direktè lekòl oswa reprezantan-ni va detèminen si elèv-la ap devlope petèt abitud pa vin lekòl. Si pa gen dokimantasyon aseptab ki jistifye absans-yo, direktè-a oswa reprezantan-ni dwe refere ka elèv-la bay *child study team* ( ekip kap etidye timoun) pou yo ka wè si timoun-nan ap devlope bonnè tandans elèv kap absan toutan san pèmisyon epi founi entèvansyon apwopriye. (F.S.1003.26(1)(b)).
- d. Direktè-a oswa reprezantan-ni va bay fanmi elèv-la kopi aplikasyon ak fòmilè pou ansèyman nan lopital/lakay (*Hospital/Homebound referral packet*) si timoun-nan va manke omwens 15 jou lekòl swivi oswa plis swa pou rezon maladi, pwoblèm sante, rezon sosyal/emosyonèl, oswa si elèv-la va manke plizyè jou lekòl pandan tout ane-a nan diferan entèval pou youn nan menm rezon-yo.
- e. Si manman/papa oswa responsab legal yon timoun yo idantifye kap devlope abitud pa vin lekòl oswa pa prezan lekòl, anwole timoun-nan yon pwogram ansèyman lakay, *Superintendent* (administratè anchaj pou tout distrik eskolè-a nè) oswa reprezantan-ni va refere ka fanmi-an bay yon komite revizyon ansèyman lakay. Komite-a fòme ak lyezon distrik-la pou ansèyman lakay epi de (2) anseyan omwens ki ale kay elèv, fanmi-an chwazi nan lis anseyan distrik-la genyen. Anseyan-yo dwe sipèvize yon pwogram ansèyman lakay pandan omwens twazan epi montre volonte-yo pou sèvi nan komite-a.

## PRIVILÈJ LISANS CHOFÈ AK ABSANS LEKÒL

Lwa Florid *Florida Statute* 322.091 ak 1003.27(2)(b) egzije distrik lekòl kominike Depatman sikilasyon (*Division of Highway Safety and Motor Vehicles – DHSMV*) non, dat nesans, gason oswa fi, ak kat sosyal sekirite elèv ki gen ant katòzan epi dizwitan (14–18) ki akimile 15 absans ki pa eskize nan nenpòt tan katrevendis (90) jou. Tout elèv yo retire lisans-yo andwa mande yon chitatannde pou esplike difikilte sitiyasyon-li (*hardship hearings*). *Board*-la otorize *Superintendent*-an pou devlope pwosedi administratif pou mete an pratik lejislasyon-an.

- a. Direktè lekòl-la/reprezantan-ni va dirije *hardship hearing*-la nan 30 jou apre li resevwa demann-nan selon pwosedi *Superintendent*-an tabli.
- b. Elèv-yo ki akimile 30 jou swivi prezans regilye lekòl kalifye pou yo ba-yo ankò lisans-yo nan ka-sa-a.

## KONSEKANS ANRAPÒ AK TWÒP ABSANS LEKÒL SAN PÈMISYON

- a. Yo kapab mennen yon timoun yo jwenn ki absan lekòl san pèmisyon nan sant *Juvenile Assessment Center* oswa nan tout lòt kote distrik lekòl-la tabli pou resevwa elèv-sa-yo. Se responsablite *Law Enforcement Officer* (ofisye polis) pou telefonnen lekòl-la epi detèminen si timoun-nan gen rezon valab pou jistifye absans-li nan lekòl-la.

- b. *Division of Highway Safety and Motor Vehicles* ap retire lisans chofè tout elèv ant katòz ak dizwitan (14-18) ki gen 15 absans ki pa eskize nan yon tan 90 jou oswa depatman-an pap bay yo yon lisans si yo aplike pou youn.
- c. Si yon timoun ki blije ale lekòl epi li pa konfòme-li malgre tout efò ak entèvansyon yo fè pou timoun-nan vin lekòl epi *Superintendent*-an pran desizyon pou li pa fè yon petisyon pou twòp absans san pèmisyon (*truancy petition*) oswa si timoun-nan pa konplete avèk siksè pinisyon tribinal-la òdonnen, yo va refere ka-a bay yon komite (*staffing committee*) konfòmman ak *Section 984.12*. Komite *staffing committee* kapab ranpli petisyon timoun ki bezwen sèvis (*child-in-need-of-services petition*). (F.S. 1003.26)
- d. Si fanmi-an refize patisipe nan entèvansyon pou korije pwoblèm abitud absans-sa-yo paske li kwè entèvansyon-sa-yo pa nesèsè oswa yo pa apwopriye, epi li deside egzèsè dwa-li pou li ale ann apèl devan *School Board*, distrik lekòl-la ap nonmen yon ofisyèl chitatan (*hearing officer*) ki va fè devan *Board*-la yon rekòmandasyon pou yon aksyon definitif. Si *Board*-la detèminen entèvansyon-yo apwopriye epi fanmi-an ap kontinye refize patisipe oswa kowopere, *Superintendent*-an oswa reprezantan-ni kapab voye ka-a nan tribinal pou pouswit kriminel epi bay kòm rezon fanmi-an pa konfòme-li avèk reglemantasyon sou prezans obligatwa elèv lekòl. (F.S.1003.26 (1) (e))
- e. Elèv ki gen abitud absan (*truant*) kapab pèdi lajan asistans tanporè pou fanmi ki nan nesèsite (*Temporary Assistance for Needy Families - TANF*) - yo resevwa nan pwogram *Learnfare Program*. Yap bay lajan-an ankò sèlman lè tout kondisyon lalwa satisfè (vle di 30 jou prezans regilye lekòl san absans ki eskize).